

PANGJAJAP

Puji sinareng syukur disanggakeun ka Allah SWT anu ngayuga urang sadaya. kalayan rohmat tur magfiroh-Na urang masih kénéh kumelendang di ieu alam pawenangan. Salam kawilujengan mugia natrat sapaparat jaman ka Kangjeng Nabi Muhammad SAW, ka kulawargina, tabiin-tabiin tug dumugi ka urang sadaya, mugia janten umatna anu tetep panceg dina ajaran Islam. Alhamdulillahirobbil'amin, taya deui ucap kedal nu payus disanggakeun ka Mantenna, ngalangkungan qudrot tur irodat Gusti Nu Mahasuci, nu nulis tiasa ngaréngsékeun skripsi anu judulna “Analisis Rumpaka Kawih Tembang (KATEM) Karya Nano S”. Ieu skripsi diajengkeun kanggo nyumponan salah sahiji sarat dina ujian sidang sarjana Pendidikan Bahasa Daérah FPBS UPI.

Nilik kana wangunna, ieu skripsi téh kacida pisan basajanna, jauh kana disebut payus, tur anggang tina kasampurnaan. Ieu hal disababkeun leutik pangarti sarta suda pangabisa tina diri nu nulis. Nanging sanaos kitu, mudah-mudahan baé sasieureun sabeunyeureun aya guna tur mangpaatna pikeun nu maca.

Sagala rupa bangbaluh nu mawa ngangluh, berewit nu mawa sulit dina nyusun ieu skripsi éstu kacida pisan réana, tapi ku keyeng mah dibarengan ku usaha jeung munajat ka Nu Mahaagung, ahirna rupaning kahayang téh pareng, tinekanan laksana nu diseja, hasil nu dianti-anti turta dikobul sadaya nu dimaksud.

Dina nyusun ieu skripsi teu hilap nu nulis ngahaturkeun séwu nuhun laksana keti kabingahan ka sadaya pihak anu parantos ngarojong tur ngadeudeul tug dumugi ka ngawujudna ieu skripsi, utamina ka:

1. Bapa Prof. Dr. Iskandarwassid, M.Pd kalih Bapa Drs. Ano Karsana, M.Pd.
Salaku pangaping I kalih II anu parantos ngaping ka nu nulis;
2. Bapa Drs. Dingding Haerudin, M.Pd. kalih Ibu Dr. Ruhaliah, M.Hum.
Salaku pupuhu kalih girang serat Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah;
3. Réngréngan dosén Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah;
4. Pa Wawan kalih Pa Apan salaku staf Tata Usaha Jurusan Pendidikan
Bahasa Daérah anu parantos dirérépot;
5. Bapa H. Nano Suratno, S.Kar. kalih Ibu Hj. Dheniarsah anu parantos
ngabantosan sareng nyumangetan dina ngaréngsékeun ieu skripsi;
6. Pun biang Nining Dewi Pujaningsih, S.Pd kalih pun bapa Yayat Ruhiat
anu parantos maparin sagala rupi, ti kawit waragad dugi ka du'a nu diseja
dina saban mangsa sangkan putra tiasa ngahontal cita-citana;
7. Pun biang H. E'ne Nengsih anu rumojong ku rupi du'a tur kanyaahna
kalih pun bapa (suargi), insya Allah du'a ti nu nulis teu kendat-kendat
diseja ka Mantenna, *Allahumagfirlahu Warhamhu Waafiiyhi Wa'fuanhu
Waakrim muzulahu Wawasi'madkholahu*, aamiin;
8. Pun aki kalih pun nini, Apa (suargi), anu waktos jumenengna maparin
sagala rupi kanyaah tur mangpirang-pirang rojongan geusan ngahontal
cita-cita, insya Allah du'a ti nu nulis marengan salira. Ibu, Ma Euis, Pa
Aki anu sami-sami ngiring ngadu'akeun;
9. Pun adi Ganjar Marga Santika batur gelut tétéh anu dipikadeudeuh;
10. Kulawargi sadaya anu parantos nyumangetan, ngageuing tur ngadu'akeun
sangkan nu nulis tiasa hasil;

11. Flan *sensel*, guru basa Jepang SMA anu sakitu nyundana. Moal hilap waktos nyumangetan nu nulis dina pasanggiri biantara basa Sunda sareng *supitsu kontesu nihon go bunkasai, do mou arigatou gozaimasu*;
12. Sobat-sobat nu nulis utamina ka Téh Sri, Tika, Elis, Monika, Téh Dian, Kang Adang, Anwar, Budé Nurani, ogé sadayana anu teu tiasa disebut hiji-hiji, hatur nuhun, *jazakumullah khoéron katsiro*;
13. Kanca mitra Sunda 2003, mudah-mudahan tali mimitran tur simpay babarayaan urang sadayana tiasa manjang dina beungkeutan silaturahmi, aamiin;
14. Sadaya pihak sanésna anu teu tiasa disebut hiji-hiji.

Pamugi sagala rupa perhatosan kalih bantosan Bapa/ Ibu/ Sdrk dijantenkeun amal kasaéan anu taya hinggana di payuneun Pangéran urang sadaya Allah Azza Wajalla. Aamiin Yaa Robbal Alamin.

Bandung, 12 Juli 2007

Nu nulis

Kania Pujasari



ANALISIS RUMPAKA KAWIH TEMBANG (KATEM) KARYA NANO S ¹⁾

Kania Pujasari ²⁾

ABSTRAK

Skripsi ini berjudul *Analisis Rumpaka Kawih Tembang (Katem) Karya Nano S*. Tujuan yang ingin dicapai adalah untuk menganalisis bentuk (*wangun*), isi, dan unsur-unsur sastra yang terdapat dalam rumpaka.

Metode yang digunakan dalam penelitian ini adalah metode deskriptif. Teknik yang digunakannya adalah teknik studi pustaka, wawancara, dan analisis data. Sumber data *Kawih Tembang (Katem)* yang berisi 6 *rumpaka*, salah satunya telah ditulis berupa lirik (*rumpaka*) oleh Dedy Windyagiri dan selebihnya oleh Nano S, sekaligus sebagai penggubah (*nyanggi*) lagu.

Berdasarkan hasil analisis dapat diketahui bahwa bentuk (*wangun*) *rumpaka Kawih Tembang (Katem)* Karya Nano S dilihat dari jumlah bait (*pada*), baris (*padalisan*), dan suku kata (*engang*) keadaannya tidak tetap karena berupa puisi bebas/ modern, tetapi ada satu lirik (*rumpaka*) yang ditulis oleh Dedy Windyagiri berupa puisi terikat dalam bentuk *pupuh Kinanti*.

Unsur isi yang telah dianalisis serta terkandung dalam lirik (*rumpaka*) meliputi: tema cinta, moral, keindahan alam, dan keagamaan.

Dari beberapa unsur sastra yang telah dianalisis akhirnya diketahui bahwa, 1) jumlah *purwakanti* meliputi: 61 *pangluyu*, 154 *maduswara*, 25 cakraswara, 19 *laras purwa*, 80 *laras wekas*, 3 *mindooan wekas*, 21 *laras madya*, 26 *mindooan kawit*, dan 33 *mindooan kecap*. 2) *rinéka wacana* meliputi: 25 kata yang berasal dari bahasa Arab, 12 kata yang berasal dari bahasa Jawa, 8 kata yang berasal dari bahasa Kawi, 3 kata yang berasal dari bahasa Melayu, 16 kata yang berasal dari bahasa Sangsekerta, dan 1 kata yang berasal dari bahasa Belanda. 3) *rinéka sastra* meliputi 10 gaya bahasa personifikasi, 8 gaya bahasa metafora, 6 gaya bahasa hiperbola, 9 gaya bahasa asosiasi, 2 gaya bahasa ekslamasio, dan 33 gaya bahasa paralelisme. 4) *babasan* yang berjumlah 12, 5) peribahasa (*paribasa*) yang berjumlah 1, 6) Kata kiasan (*kecap kiasan*) yang berjumlah 48, dan 7) *siloka* yang berjumlah 45.

Kesimpulan dari hasil analisis yang telah penulis lakukan adalah, 1) Bentuk (*wangun*) dari *rumpaka katem* berbeda-beda karena ada salah satu puisi terikat dan selebihnya berupa puisi bebas/modern. 2) isi yang terkandung dalam *rumpaka katem* meliputi tema cinta, moral, keindahan alam, dan keagamaan. 3) unsur sastra yang terkandung dalam *rumpaka katem* meliputi, a) jumlah *purwakanti* yang terbesar adalah 154, yaitu *maduswara* dan jumlah *purwakanti* yang terkecil adalah 3 yaitu *mindooan wekas*. b) jumlah *rinéka wacana* yang terbesar adalah 25 yaitu bahasa Arab dan jumlah *rinéka wacana* yang terkecil adalah 1 yaitu bahasa Belanda. c) jumlah *rinéka sastra* yang terbesar adalah 33 yaitu gaya bahasa paralelisme dan jumlah *rinéka sastra* yang terkecil adalah 2, yaitu gaya bahasa ekslamasio.

1) Skripsi ini di bawah bimbingan Prof. Dr. Iskandarwassid, M.Pd. dan Drs. Ano Karsana, M.Pd.

2) Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.

